

## **\*\*Meri Somerville**

APÈL PEYE POU ATIS YO Kanpay Konnen Dwa Ou — Inisyativ pou Zèv Atistik Piblik ak Sansibilizasyon\*\*

**Dat Limit pou Aplike:** 21 Avril 2026

**Lansman Pwojè a:** Jen 2026 (Mwa Eritaj Imigran)

**Bous pou Atis:** \$4 000

### **Apèsi**

Meri Somerville la, atravè Biwo Afè Imigran Somerville (Somerville Office of Immigrant Affairs, SOIA) ak yon Komite Revizyon ki deziyen pou sa, envite atis ki gen orijin imigran yo pou yo soumèt pwopozisyon pou zèv atistik ki vibran, ki bay moun kè kontan, epi ki santre sou Somerville, ki pral sèvi kòm pwen fiks pou kanpay 2026 "**Konnen Dwa Ou**" nou ap travay sou li an.

Zèv konsepsyon y ap chwazi a, yo pral adapte l nan plizyè fòm piblik, tankou:

- **Pano afichaj piblisite nan estasyon BlueBikes yo**
  - Pano PBSC: 57.75" x 37.875"
  - Pano Laj/8D: 67.69" x 37.5"
- **Pano afichaj piblisite sou poubèl Big Belly yo**
  - 18"x13"
- **Postè ak afichaj emprime**
  - 11"x17"
- **Sèvyèt Papyè** (pou distribisyon nan restoran lokal, kafe, evènman kominotè) (6.5" x 6.5" )
  - **6.5" x 6.5"**
- **Afichaj vizyèl nou prevwa fè** nan kèk evènman seleksyon ki ap fèy nan aswè ak afichaj sou fasad bilding yo
  - Fòm Imaj: 16:9 ak 4:3

Objektif la se selebre dinamis, divèsite, ak kapasite adaptasyon [kominote imigran Somerville yo](#) pandan n ap ogmante vizibilite ak aksè a enfòmasyon sou kanpay "Konnen Dwa Ou" nan tout vil la.

Pou pwojè sa a, nou jwenn enspirasyon nan apèl pwojè atistik piblik meri Somerville la te lanse anvan yo, ki yo menm te mete aksan sou koneksyon kominotè, inovasyon, ak aksè piblik (epi li toujou respekte angajman Meri a genyen pou l sipòte ekspresyon kreyatif lokal ki baze sou kilti).

### **Ki Moun ki Dwe Aplike**

Nou aksepte soumisyon moun sa yo:

- Atis ki gen orijin imigran (kèlkeswa jenerasyon imigran l ta ye a, kèlkeswa peyi orijin li)

- Atis ki abite, k ap travay, oswa ki gen gwo lyen nan pami kominote a anndan vil Somerville la
- Atis ki gentan tabli ak atis ki fenk ap parèt ki gen kapasite pou konvèti konsepsyon atistik lan nan plizyè fòm.
- Atis ki gen eksperyans nan konsepsyon grafik, ilustrasyon, zèv atistik piblik, oswa konsepsyon vizyèl an plizyè fòm.

### Chan Aplikasyon Pwojè a

Atis yo chwazi an pral kreye:

1. **Yon travay atistik/desen prensipal** ki kapab adapte nan tout fòm kanpay la ap itilize yo.
2. **Varyasyon mizanj** pou chak dimansyon ak fòm ki nesèsè (nou site tout pi wo a)
3. Yon **vèsyon pwojeksyon imaj** ki apwopriye pou ekspozisyon lannwit.

Enpresyon, fabrikasyon, ak enstalasyon ap sou kont Meri a.

### Konpansasyon: \$4,000

Nou atann nou atis ki chwazi a pral gen pou l fè sa ki ekri pi ba yo:

- Konsepsyon
- Revizyon/atelye selon jan sa nesèsè ansanm ak manadjè pwojè a nan kad preparasyon pou yon maksimòm de (2) seyans revizyon an kolaborasyon ak komite revizyon an nan fason sa a:
  - Premye bwouyon - Premye egzanplè konsepsyon an pou komite a fè revizyon sou li. Yo pral pataje opinyon yo ansanm ak atis la epi atis la pral entegre sa yo pataje ak li yo nan dezyèm egzanplè oswa bwouyon an.
  - Dezyèm bwouyon konsepsyon an – Komite a vle wè yon adaptasyon konsepsyon an nan tout fòm yo prevwa afiche yo (sèvyèt papyè, pano piblisite BlueBikes, pano piblisite pou poubèl fatra Big Belly yo, postè, ak ekspozisyon pwojeksyon vizyèl yo). Komite a pral revize epi bay opinyon l sou jan konsepsyon an ap parèt nan tout dimansyon ki planifye pou sa yo.
  - Atis la ap pran opinyon sa yo, si tout fwa genyen, epi li pral entegre yo nan konsepsyon final la.
- Preparasyon ak livrezon dosye final zèv atistik la pou tout fòm ki espesifye yo

### Sa n ap Chèche a

Komite seleksyon an pral bay priyorite a pwopozisyon ki:

- Sebre **lajwa, dinamis, ak divèsite** kominote imigran Somerville yo
- **Briyan, akeyan, epi ki aksesib** pou telespektatè tout laj.
- **Adapte nan yon fason efikas** atravè plizyè echèl ak materyèl
- **Reflete valè kominotè yo**, menm jan ak [inisyativ atistik piblik Somerville](#) te gen anvan yo.
- Itilize koulè, rakonte yon istwa vizyèl, oswa ki montre yon senbolis pou **valorize idantite ak dwa imigran yo**.
- **Demontre kapasite pou adapte zèv atistik nan plizyè fòm** san pèdi klète oswa enpak.

- **Totalman orijinal** epi ki pa gen okenn pwomosyon komèsyal oswa politik.

## Kondisyon pou Soumèt Pwopozisyon

Tanpri soumèt enfòmasyon sa yo atravè fòm ki anliy lan:

### 1. Enfòmasyon Kontak

Non, imèl, nimewo telefòn, sit entènèt/pòtfolyo, ak nenpòt afilyasyon ak Somerville.

2. **Deklarasyon Atis la (maksimòm 300 mo)** Deskri orijin ou antanke artis, san w pa bliye idantite w antanke imigran si ou vle pataje li, epi sa ki atire ou nan pwòje sa a.

3. **Deskripsyon Konsèp la (maksimòm 300 mo)** Prezante pwòje atistik ou pwopoze a. Dekri tèm li yo, koulè li yo, ton li, ak fason li selebre eksperyans imigran yo nan Somerville.

### 4. Echantiyon Travay (obligatwa)

Tanpri ajoute 7 ilustrasyon travay ou te fè anvan ki montre kapasite w pou zèv atistik piblik, ilustrasyon, konsepsyon, oswa pwòje ki santre sou kominote a.

5. Pou pwòje sa a, nou konte sou kapasite artis la genyen pou li fòmate yon konsepsyon atistik vizyèl nan plizyè dimansyon ak estil ki diferan. Tanpri konfime ou gen kapasite pou ajiste yon konsepsyon atistik nan fason ki apwopriye a. Tanpri esplike ki eksperyans ou genyen nan pwodui kalite travay sa a.

### 6. Kourikoulòm Vite oswa Byografi ou (1-2 paj)

## Kalandriye

**21 Avril 2026** — Dat limit pou soumèt aplikasyon yo

- **24 Avril 2026** — Seleksyon artis yo ak notifikasyon
- **24 Me 2026** — Tout objektif yo akonpli
- **Jen 2026** — Lansman kanpay la pandan Mwa Eritaj Imigran an

## Pwosesis Seleksyon

Komite Revizyon an, ansanm ak reprezantan kominote a, pral revize pwopozisyon ki soumèt yo.

Kritè evalyasyon yo se:

- Kalite atistik ak orijinalite
- Nan ki fason pwopozisyon an asosye a tèm lajwa ak reponsibilite yon imigran
- Konpetans pou adapte konsepsyon an atravè divès fòm pou kanpay la.
- Koneksyon ak Somerville
- Nna ki nivo konsèp la klè ak byen kanpe

## Kijan pou Aplike

Soumèt tout dokiman obligatwa yo atravè fòm ki anliy la.

Pou kesyon yo, tanpri kontakte:

Karim Razzaz  
Kowòdonatè Enfòmasyon Piblik Miltilang

**Biwo Afè Imigran Somerville la**  
soia@somervillema.gov • 617-666-3311